

## Deklarasyon sou Enpak Ekite: Rapò Anbochman Anyèl

**Tit:** Rapò Anbochman Anyèl ak Divèsite nan Gwoup Travay

**Dat:** 26 Oktòb 2022

Èske yo te itilize [Racial Equity Planning Tool](#) la?  Wi  Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la: \_\_\_\_\_

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a?  Wi  Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, militeng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Prezantasyon sa se mizajou anyèl Biwo Kapital Imen (Office of Human Capital) an bay Komite Lekòl la sou divèsite nan anbochman ak gwoup travay. Konsantrasyon prensipal prezantasyon an baze sou pwofesè yo ak konseye pedagogik yo.</p> <p>Moun ki dirije travay sa yo se: Biwo Kapital Imen (Office of Human Capital, OHC):</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Raecia Catchings, Direktè Jeneral Pwovizwa pou Kapital Imen</li> <li>● Megan Reed, Direktè Jeneral Adjwen Pwovizwa pou Kapital Imen</li> <li>● Jania Bell, Direktè Resouzmèn</li> <li>● Adriana Heady, Direktè Sistèm OHC, Done ak Analiz</li> </ul> <p>Divizyon pou Lakin nan Ekite, Estrateji ak Opòtinite (ESOG)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Charles Grandson IV, Direktè Jeneral pou Ekite ak Estrateji</li> <li>● Sharra Gaston, Chèf Adjwen Enterimè nan Ekite ak Estrateji</li> <li>● Rashaun Martin, Direktè Enterimè pou Rekritman, Kilti ak Divèsite</li> </ul> <p>Gwoup sa yon tijan reprezante enfòmasyon demografik elèv yo. Ekip elaji a se yon gwoup ki pi reprezantatif, ki gen ladan moun ki gen ekspètiz nan aprenan militeng ak Edikasyon Espesyal.</p>
<p><b>2. Aliyman ak Plan Estratejik la</b> <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Pwopozisyon an aliyen avèk Angajman #5 lan: Kiltive kwayans - yon Finansman ki san patipri epi ki ekitab ansanm ak yon anviwònman akeyan, ansanm ak Objektif Ankraj #5: <i>Lekòl BPS la ansanm ak anplwaye nan biwo santral la pral refleto elèv nou desèvi yo.</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● 5.1 Anplwaye, sipòte ak mentni yon gwoup travay nan tout nivo ki refleto divès kilti ak lang elèv nou yo; abòde obstak estriktirèl; ki fè enpak sou pèsònèl ak edikatè ki gen Koulè yo.</li> <li>● 5.4 Fè BPS yon espas kote edikatè ak anplwaye yo t ap renmen jwenn travay paske yo konsantre sou desèvi elèv nou yo, epi yo sante nou valorize yo epi yo jwenn sipò nan travay yo.</li> </ul>
<p><b>3. Analiz Done</b> <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Ekip Sistèm OHC, Done ak Analiz yo te itilize done sou divèsite gwoup travay nan BPS la pou yo kontwòle, evalye, ak bay rapò sou kantite moun yo anboche ak retni. OHC la kolekte done sa yo chak ane nan dat 1ye Oktòb, epi nan done sa yo w ap jwenn:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Done sou anbochman edikatè selon ras ak kapasite lengwistik</li> <li>● Efektif global edikatè ak gwoup travay nan distri a selon ras</li> <li>● Objektif Anbochman pou Divèsite nan Lekòl la sou enfòmasyon demografik anplwaye yo pa rapò ak enfòmasyon demografik elèv yo (ki gen ladan l ras ak kapasite lengwistik) ansanm ak kantite pòs ki lib.</li> <li>● Edikatè BPS yo sòti selon ras</li> </ul>

	<p>Analiz done kontini nou an montre kòman kantite fèb Edikatè ki gen Koulè yo nan tout eta a lye ak kantite fèb kandida ak Edikatè ki gen Koulè yo nan BPS, ansanm ak disparite paralèl yo konsènan kapasite lengwistik. Pandan yo seleksyone Edikatè ki gen Koulè yo ansanm ak edikatè miltileng yo nan yon to ki siperyè pase jan yo ye nan rezèv seleksyon an, epi sòti yo fè selon ras yo pa montre disparite, efò entansyonèl e global ki kontini nesèsè pou yo rive atenn objektif pou anboche ak retni pèsònèl nan lekòl la ak nan distri a.</p> <p>Ekip RCD a te ajoute done yo nan prezantasyon an konsènan pwogram ak sèvis yo mete an plas yo ki gen enpak sou rezilta rapò sou divèsite pèsònèl ak gwoup travay la, pandan yo mete yon aksan patikilye sou divèsite rasyal ak kapasite lengwistik:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Kilti nouvo kandida yo nan distri a - rezèv anbochman prekòs nan BPS</li> <li>● Enpak pwogram retansyon yo jan done sòti yo defini sa a.</li> <li>● Rezilta pwogram pou preparasyon filyè/edikatè yo "grow our own" ("grandi pou kont nou")</li> <li>● Enpak pwogram sipò pou preparasyon pou Tès Massachusetts pou Edikatè yo Jwenn Lisans yo</li> </ul> <p>Pandan tout sezon anbochman an, yon ekip entèfonksyonèl reyini chak semèn pou yo kontwole ak reyaji imedyatman pa rapò ak done sa yo ki konsène lekòl la ak pòs yo ki repati selon ras ak kapasite lengwistik.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Gwoup aplikan</li> <li>● Aplikasyon kandida yo</li> <li>● Soumisyon pou anbochman</li> <li>● Pòs lib</li> </ul>
<p><b>4. Angajman Aktè yo</b> <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afekte yo te di?</i></p>	<p>Se yon ekip entèdepatmantal ki reprezante Divizyon OHC ak ESOF yo, sitou Biwo pou Pwogram Anbochman, Kilti ak Divèsite yo ki konpile prezantasyon sa a. Manm ki nan toude divizyon yo reyini regilyèman avèk aksyonè ekstèn yo pandan tout sezon anbochman an pou yo angaje yo avèk, e resevwa kòmantè nan men, defansè yo, tankou lidè ki fè pati Asosiyasyon Edikatè Nwa nan Massachusetts yo ansanm ak Asosiyasyon Latino Gran Boston nan.</p>
<p><b>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras</b> <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplèmantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Reyalizasyon kle ki gen rapò ak ekite rasyal ak lengwistik yo mete aksan sou yo nan prezantasyon sa se:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Yon ogmantasyon 1% nan pousantaj pwofesè/konseye ki idantifye kòm moun ki gen Koulè yo pandan ane ki sot pase a, ansanm ak yon ogmantasyon 1% nan edikatè Nwa yo.</li> <li>● Parapwofesyonèl yo reprezante gwoup travay lekòl ki plis divèsifye nan distri a.</li> <li>● Divèsite edikatè Garrity yo nan distri a kontinye ogmante pa rapò ak ane avan yo.</li> </ul>
<p><b>6 Bidjè ak Ekzekisyon</b> <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman aplikasyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip aplikasyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Ekip entèfonksyonèl ki kontwole pwogrè ki fèt pandan tout sezon anbochman an se yon gwoup anplwaye divèsifye ki reprezante elèv ansanm ak komonite nou desèvi a, epi ki toujou aplike yon pèspektiv ekite. Ekip la pran angajman pou l ede distri a diminye sou lakin nan reprezantasyon yo pou anplwaye nou yo kapab reflekte popilasyon elèv nou desèvi yo nan yon fason ki pi fidèl.</p> <p>Prezantasyon sa pa asosye ak yon demann pou fon adisyonèl.</p>

<p><b>7. Responsablite ak Kominikasyon</b> <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Responsablite pou estrateji divèsite gwoup travay nan BPS la pataje antre twa divizyon: Divizyon Lekòl yo ak Responsablite, Chèf Drew Echelson dirije a, egzije pou tout responsab lekòl yo etabli yon seri objektif pou anbochman divèsite chak ane. Sipèntandan lekòl yo rann lidè lekòl yo responsab pou yo atenn objektif sa yo, epi Chèf Drew Echelson rann sipèntandan lekòl yo responsab pandan pwosesis evalyasyon an.</p> <p>OHC, Chèf Rae Catchings dirije a, prezante done sou divèsite nan anbochman ak gwoup travay la bay Komite Lekòl ak bay piblik la. Chèf Kapital Imen an gen tout responsablite pou efò sa yo ak pou kominikasyon sa a, nan kolaborasyon sere avèk Divizyon Lekòl yo ak ESOG.</p> <p>ESOG, ke Chèf Ekite ak Estrateji a, Doktè Charles Grandson, dirije a, asire kowòdinasyon epi li fasilite travay sou anbochman ak retansyon entèfonksyonèl , epi li asire swivi pou asire yon aplikasyon rigoure ki santre sou ekite. Biwo RCD a nan ESOG aplike estrateji pou rekritman, kilti, ak retansyon divèsite pou yo reponn ak objektif distri a nan patenarya avèk responsab lekòl yo, lòt responsab anbochman yo, sipèntandan lekòl yo, ansanm ak OHC.</p>
---	---